

BAB 1

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Dongéng téh salah sahiji karya sastra buhun, anu ukuranana parondok. Dongéng disebut ogé carita rayat atawa carita tradisional titinggal jalma jaman baheula.

Numutkeun Kamus Umum Basa Sunda (KUBS, 1969:113), Dongéng nya éta carita baheula, lolobana pikeun barudak, biasana loba pamohalanana. Wangenan séjén ngeunaan dongéng atawa carita rayat nya éta: warnaning carita heubeul anu sumebar di masyarakat, tatalépa ku cara lisan, bari teu kanyahoan saha pangarangna (Isskandarwassid, 2010:31). Numutkeun Isskandarwassid kénéh, kulantaran dongéng mah sumebarna lisan bisa jadi ngalaman rupa-rupa raéhan (ngurangan, nambahan) sarta bisa jadi nimbulkeun vérsi.

Wangun dongéng dumasar kana eusina, dibagi sababaraha golongan nya éta: dongéng sasatoan (fabel), dongéng sasakala, dongéng babad, dongéng jelema biasa, dongéng paranabi atawa wali, dongéng pieunteungeun, jeung dongéng pamuk (tim penyusun *Makaya Basa*, 2007:129). Numutkeun William R. Bascom dina Dananjaja (1965b:4) papasingan carita rayat téh dibagi tilu golongan, nya éta mite (*myth*), legenda (*legend*), dongéng (*folktale*).

Dumasar kana susunan basana, dongéng téh kaasup karangan dina wangun lancar (prosa), tapi sakapeung sok diselang ku wangun ugeran (puisi), dina prak

ngadongéngkeunana wangun lancar mah dibaca (diomongkeun), ari wangun ugeran mah dikawihkeun (Taufik Faturohman, 1983:4-5). Dongéng kudu bisa leupas tina anggapan ngan saukur pikeun ngabobodo budak, sabab numutkeun Faturohman (1983:4) kalungguhan dongéng téh lain semet ngabobodo budak céngéng wungkul, tapi ngabogaan tujuan séjén nya éta ngarah anak incu urang nyaho kana turunan, ngarah anak incu urang nyaho kana pancakaki, ngarah anak incu urang nyaho kana asal muasal tempat, ngarah anak incu urang nyaho kana kaayan lemburna baheula, ngarah anak incu urang manggih luang tina pagawéan karuhun pikeun bekel hirupna, jeung ngarah pagawéan beurat karasa leuwih hampang.

Dina hasanah pendidikan, dongéng téh diajarkeun jeung puguh réngkolna. Hal ieu katémbong dina Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan (KTSP) Basa jeung Sastra Sunda Kurikulum 2006, aya bahan pangajaran ngeunaan Dongéng (carita rayat), anu baris ditepikeun di jenjang sakola SD, SMP, jeung SMA.

Di jenjang Sekolah Menengah Pertama (SMP), dongéng ditepikeun di kelas 7 jeung kelas 9. Di kelas 7, kompetensi dasarna nya éta maca dongéng atawa carita buhun jeung ngaregepkeun dongéng. Indikator dina maca dongéng di kelas 7 nya éta *dapat menyebutkan yang dimaksud dan jenis-jenis dongéng, dapat menyimpulkan isi dan tujuan dongéng, dapat menyebutkan unsur-unsur yang terdapat dalam dongéng, dapat membuat ringkasan dongéng yang dibacanya.*

Kegiatan maca, hususna maca dongéng, teu bisa disapirakeun, sabab salian ti nyuguhkeun hiburan, dongéng ogé eusina ngandung ajén-inajén anu mangpaat pikeun kahirupan urang saréréa. Hal ieu luyu jeung pamadegan tim penyusun *Makaya Basa*

(2007:128) nu nétélakeun yén eusi dongeng téh umumna ngandung atikan moral, upamana baé jalma bener tangtu meunang pahala, jalma salah tangtu meunang siksaan atawa cilaka, supaya maksudna timekanaan kudu ngagunakeun akal, atawa kudu hirup sauyunan ambéh répéh-rapih.

Widijanto (2007:3) leuwih écés nétélakeun yén lamun budak mindeng maca karya sastra (kaasup dongéng), budak bakal leuwih beunghar ku pangalaman batiniahna jeung masalah hirupna, anu dipiharep éta budak téh leuwih wijaksana dina nungkulan masalah-masalah hirupna. Budak bakal leuwih apal kana naon-naon mangpaat jeung ajén inajén anu aya dina dongéng lamun geus maluruh unsur-unsur dongéngna nya éta anu ngawengku: tema, palaku, latar, galur, jeung amanatna. Tina lima unsur éta urang bisa nganyahokeun hal naon waé anu dicaritakeun, naon anu jadi tema carita dina dongéng, kumaha jalan caritana, dimana tempat kajadianana, atawa naon anu jadi amanat tina carita dina dongéng éta.

Kiwari, masarakat geus kurang merhatikeun hirup kumbuhna dongéng, sabab geus katungkulan ku kamajuan jaman, samodél ayana sarana tipi, radio, internet, jsté. Kolot ayeuna, rata-rata geus teu nyahoeun kana carita jaman baheula, hususna carita dongéng anu aya di wewengkonna sorangan. Padahal lamun sadar mah, sakumaha anu diécéskeun di luhur, dongéng téh lain mangrupa cacaritaan wungkul, tapi ogé mibanda atikan-atikan moral jeung mangpaat anu hadé pisan pikeun budak. Salian ti éta, dongéng téh sabenerna mangrupa asét masarakat, sabab dongéng anu aya dimasyarakat téh mangrupa kabeungharan sastra anu tacan kaguar kaayaanana.

Karya sastra daérah, hususna dongéng atawa carita rayat, geus sakuduna dimumulé jeung dimekarkeun, tapi minimna panalungtikan para ahli ngeunaan sastra daérah, jeung kaayaan masarakat anu robah-robah bisa jadi mangaruhan kana sastra daérah anu can kaguar. Dina usaha para ahli ngamekarkeun jeung néangan bahan ajar anyar dina pangajaran sastra, kaasup dongéng, teu weléh meunang bangbaluh. Tapi, sanajan hésé, urang kudu ngayakeun usaha supaya carita rayat atawa dongéng téh teu aya dina kaayaan lastari. Salah sahiji usahana nya éta ngadokumentasikeun carita rayat anu aya di tatar Sunda. Ieu téh salah sahiji léngkah jeung usaha pikeun ngamumulé jeung ngajaga kalumangsungan carita rayat atawa dongéng pikeun mangsa ka hareup. Kiwari geus loba panalungtikan ngeunaan dongéng anu dilaksanakeun ku mahasiswa boh pikeun ngaréngsékeun tugas ahirna boh pikeun kapentingan séjéna. Panalungtikan mahasiswa ngeunaan dongéng anu aya di daérah-daérah, nya éta diantarana waé:

- 1) *Carita Rayat Kacamatan Rajagaluh pikeun Bahan Pangajaran Sastra di SMP*, ku Sri Rahmawati (1998);
- 2) *Inventarisasi Carita Rayat di Cipunagara*, ku Ii Heri Hernawan (2002);
- 3) *Inventarisasi Carita Rayat di Kacamatan Kadungora Kabupatén Garut*, ku Neni Rohaeni (2004);
- 4) *Carita Rayat Kacamatan Ciparay pikeun Bahan Pangajaran Sastra di SMP*, ku Sinta Iskandar (2005);
- 5) *Inventarisasi Dongéng Di Kacamatan Lembang Pikeun Bahan Pangajaran Di SMP*, Ku Deni Indrayana Taufan (2007);

- 6) *Dongéng anu sumebar Di Kacamatan Kadudampit Kabupatén Sukabumi pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda Di SMP*, ku Opih Latipah (2007);
- 7) *Carita Rayat anu aya di Kacamatan Talaga pikeun Bahan Pangajaran di SMP*, ku Yopi Gunawan (2009);
- 8) *Carita Rayat anu aya di Kacamatan Cisarua Kabupatén Bandung Barat pikeun Bahan Pangajaran di SMP*, ku Wildan Devi W. (2010).

Tangtu dongéng anu sumebar di tatar Sunda, loba kénéh anu can katalungtik jeung kakumpulkeun, sabab dongéng anu sumebar di tatar Sunda lain wae ratusan tapi meureun leuwih ti rébuan. Saperti anu dijéntrékeun di luhur, usaha nalungtik jeung ngumpulkeun dongéng téh masih kawatesanan ku kamampuh nu nalungtikna jeung legana daérah anu aya di tatar Sunda.

Kacamatan Cicalongwétan anu jadi kacamatan wates antara Kabupatén Bandung Barat jeung Kabupatén Purwakarta, kaayaan alamna masih kénéh aya dina kategori asri. Cai nyusu, gunung, perkebunan, pasawahan jeung walungan masih kénéh réa di Kacamatan Cicalongwétan. Kaayaan masarakatna masih raket jeung kapercayaanana jeung mistik. Meureun bakal réa kénéh dongéng anu sumebar di wewengkon Kacamatan Cicalongwétan Kabupatén Bandung Barat sabab masarakatna masih kénéh percaya kana dongéng atawa carita kolot baheulana.

Ku kituna, panalungtik ngayakeun panalungtikan anu judulna *Struktur Dongéng di Kacamatan Cicalongwétan Kabupatén Bandung Barat pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMP*. Panalungtik miboga keyakinan ku dihirupkeun deui dongéng-dongéng anu aya di wewengkon daérah anu ku siswa dicicingan, bakal méré

ajén anu leuwih ti batan dongéng-dongéng anu geus lumrah nyampak dina buku ajar jeung para siswa bakal leuwih reueus lamun siswa maca, ngaregepkeun, atawa nulis dongéng ti lemburna séwang-séwangan. Panalungtikan ieu bisa dijadikeun salah sahiji média pikeun pangajaran sastra hususna maca dongéng di SMP.

Salian ti éta, dongéng anu aya di Kacamatan Cicalongwétan Kabupatén Bandung Barat, can kungsi aya anu nalungtik jeung ngadokuméntasikeun. Antukna, panalungtikan ieu karasa leuwih penting jeung perlu, pikeun mulasara jeung ngamekarkeun hirup-huripna dongéng-dongéng atawa carita rayat anu aya di Kacamatan Cicalongwétan ku cara didokuméntasikeun, sangkan teu aya dina kaayaan lastari.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Pikeun nyingkahan ngajembaranana masalah dina ieu panalungtikan, perlu ayana watesan masalah. Dina ieu panalungtikan ditéangan dongéng-dongéng atawa carita-carita anu aya di Kacamatan Cicalongwétan Kabupatén Bandung Barat paling saeutik 13 dongéng jeung paling loba 20 dongéng. Dongéng ukur dipaluruh struktur intrinsikna anu ngawengku tema, latar, palaku, galur jeung amanat, terus diaplikasikeun pikeun bahan pangajaran maca di SMP.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, masalah-masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah tanya saperti di handap.

- 1) Kumaha deskripsi, wanda, jeung struktur intrinsik dongéng rayat anu aya di Kacamatan Cicalongwétan Kabupatén Bandung Barat?
- 2) Ajén-ajén naon waé anu kapanggih dina dongéng atawa carita rayat anu aya di Kacamatan Cicalongwétan, Kabupatén Bandung Barat?
- 3) Kumaha nyusun bahan pangajaran maca dongéng di SMP?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nya éta hayang nambahan pangdeudeul bahan pangajaran pikeun pangajaran sastra hususna maca dongéng dina Pelajaran Basa Sunda di sakola-sakola, jeung méré informasi ngeunaan dongéng-dongéng anu aya di wewengkon Cicalongwétan.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus ieu panalungtikan, nya éta:

- 1) ngadeskripsikeun, ngapasing-pasingkeun dongéng anu kapanggih kana wanda-wanda dongéng, jeung maluruh struktur intrinsik dongéng-dongéng anu aya di Kacamatan Cicalongwétan, Kabupatén Bandung Barat;
- 2) nganyahokeun ajén-ajén anu nyampak dina dongéng anu aya di Kacamatan Cicalongwétan Kabupatén Bandung Barat;
- 3) nyusun bahan pangajaran maca dongéng di SMP.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat anu dipiharep dina panalungtikan téh nya éta aya mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis. Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nya éta sangkan bisa nambahan hasanah élmu pangaweruh sastra khususna karya sastra buhun (dongéng) pikeun bahan pangajaran basa jeung sastra Sunda. Mangpaat praktis ieu panalungtikan, nya éta:

1) Pikeun siswa

Siswa bisa wanoh kana dongéng anu aya di Kacamatan Cikalongwétan.

2) Pikeun nu nalungtik

Nu nalungtik bisa wanoh kana kaayaan jeung struktur dongéng, katut bisa heunteuna dongéng anu aya di Kacamatan Cikalongwétan dijieun bahan ajar di SMP.

3) Pikeun Guru

Guru meunang bahan ajar anyar ngeunaan dongéng anu anyar pikeun diajarkeun ka muridna di Sakola.

4) Pikeun nu maca

Nu maca ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban élmu panagweruh ngeunaan dongéng-dongéng anu aya di wewengkon Cikalongwétan.

1.5 Wangenan Operasional

Numutkeun Moh. Nazir (2005:126) nétélakeun yén:

Definisi operasional adalah suatu definisi yang diberikan kepada suatu variabel atau konstak dengan cara memberikan arti, atau menspesifikasikan

kegiatan, ataupun memberikan suatu operasional yang diperlukan untuk mengukur konstruk atau variabel tersebut.

Saluyu jeung pamadegan diluhur wangenan operasional didieu pikeun ngajéntrékeun hal-hal anu poko jeung penting dina ieu judul. Patali jeung éta hal, istilah husus nu sacara operasional dina ieu panalungtikan téh nya éta:

1) Struktur

Struktur anu dimaksud dina ieu panalungtikan nya éta corak rakitan (susunan) komponén-komponén karangan nepikeun ka ngahasilkeun wujud karya sastra gembleng boga ma'na. Dina kagiatan nganalisis kana unsur-unsur intrinsik (struktur) carita dongéng dina ieu panalungtikan, nya éta tema, galur, palaku, latar, jeung amanat.

2) Dongéng

Dongéng nya éta salah sahiji warna sastra heubeul anu eusina aya pamohalan anu teu asup akal, sumebarna sacara lisan kucara tatalépa ti jalma hiji ka jalma séjén jeung teu di pikanyaho saha anu nyieuna atawa pengarangna (*anonym*).

3) Bahan Pangajaran

Bahan pangajara nya éta materi anu baris ditepikeun ku guru ka murid dina waktu kagiatan pembelajaran di kelas.

4) Maca

Maca téh nya éta salah sahiji standar kompetensi anu aya dina kurikulum KTSP 2006, opat standar kompeténsi nya éta nyarita, maca, ngaregepkeun, jeung nulis.

1.6 Anggapan Dasar

Suyatna (2002:7) nétélakeun yén:

Anggapan dasar ialah segala kebenaran teori atau pendapat yang dijadikan landasan dasar dalam suatu penelitian. Segala kebenaran teori, dan pendapat yang dijadikan pegangan itu tidak dipersoalkan lagi betul dan salahnya. Pada prinsipnya segala sesuatu itu dapat diterima oleh semua pihak.

Dumasar kana hal éta, nu jadi anggapan dasar dina panalungtikan ieu téh nyaéta:

- 1) dongéng téh salah sahiji karya sastra buhun (baheula) anu miboga ajén-inajén pikeun hirup kumbuhna urang saréréa;
- 2) maca dongéng mangrupa salah sahiji pangajaran anu ditepikeun di SMP anu aya dina standar kompetensi maca (Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan, 2006).

1.7 Rangkay Tiori

Rangkay tiori nyaéta mangrupa dasar tiori anu bakal dijadikeun acuan pikeun panalungtikan. Bisa ogé disebut tatapakan panalungtik pikeun ngolah data jeung meunangkeun data. Tatapakan éta mangrupa buku-buku sumber anu luyu jeung aya pakuat-pakaitna jeung masalah-masalah panalungtikan. Panalungtik ngabédakeun jadi tilu tiori nyaéta tiori panalungtikan, tiori kasusastraan jeung pikeun nyusun bahan pangajaran maca.

Panalungtik dina tiori panalungtikan museur kana buku *Pedoman Penulisan Karya Ilmiah* (UPI, 2007) jeung *Metode Penelitian* (Moh. Nazir, 2005). Sedengkeun tiori kasusastraan anu dipake museur kana *Folklor Indonesia: Ilmu Gosip, Dongéng*

dan Lain-lain (James Danandjaja, 2002), *Panyungsi Sastra* (Yus Rusyana, 1984), *Kamus Istilah Sastra* (Iskandarwassid, citakan ka tujuh 2010), *Kajian Sastra* (Rétty Isnéndés, 2010) *Ulikan Sastra* (Taufik Faturohman, 1983), *Kandaga Kasusastraan* (M.A.Salmun, 1963) jeung *Sastra Sunda Buhun* (Dedi Koswara, 2010). Ari pikeun nyusun bahan pangajaran dongeng buku anu digunakeun museur kana *Kurikulum KTSP 2006 (Kurikulum Satuan Tingkat pendidikan), Bahasa dan Sastra dalam Gamitan Pendidikan* (Yus Rusyana, 1984), *Pangajaran Sastra Sunda: pikeun siswa SD, SLTP jeung Umum* (Budi Rahayu Tamsyah, 1996). Jeung buku séjén anu ngadukung kana panalungtikan.

1.8 Metode Panalungtikan jeung Téhnik Panalungtikan

1.8.1 Metode Panalungtikan

Metode anu dipaké dina panalungtikan ieu nya éta metode déskriptif. Metode deskriptif dipaké pikeun ngadeskripsikeun, ngagambarkeun, jeung ngajéntrékeun kajadian anu lumangsung mangsa kiwari. Tujuan anu hayang dihontal ku panalungtik dina panalungtikan ieu nya éta pikeun ngadéskripsikeun, ngagambarkeun dongéng anu kakumpulkeun di wewengkon Kacamatan Cicalongwétan Kabupatén Bandung Barat. Anu satuluyna dipaluruh struktur dongéngna, ditataan maksud tina carita dongéng sarta diaplikasikeun pikeun bahan pangajaran maca dongéng basa Sunda di SMP.

1.8.2 Téhnik Panalungtikan

1.8.2.1 Tehnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu dipaké ku panyusun téh nya éta téhnik studi pustaka, wawancara, dokuméntasi, jeung observasi.

1.8.2.2 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta alat anu ngarojong kana panalungtikan. Panalungtik dina panalungtikan ieu ngagunakeun instrumén anu mangrupa padoman wawancara jeung ngadokuméntasikeun hal-hal anu patali jeung kabutuhan panalungtikan anu bisa ngarojong kana panalungtikan.

Aya ogé media pikeun ngumpulkeun data saperti ieu di handap:

- 1) *recorder* pikeun alat sadap rékam dina wawancara.
- 2) *camera digital* pikeun alat dokuméntasi.

1.9 Sumber Data

Anu jadi sumber data dina panalungtikan nya éta masarakat Kacamatan Cikalongwétan Kabupatén Bandung Barat anu apal kana carita rayat atawa dongéng anu aya di sabudereun kacamatan ieu jeung sakabéh dongéng anu aya di Kacamatan Cikalongwétan Kabupatén Bandung Barat. Ku sabab aya sababaraha tinimbangan panalungtik, saperti samporétna waktu, waragad, sarta kaayaan tempat, nu jadi objék dina ieu panalungtikan ngabalukarkeun ieu panalungtikan kudu diwatesanan dumasar kana objék anu ditalungtik.